

Yon bilten nouvèl Chanselye  
**David C. Banks** voye



## Ann reyimajine Edikasyon espesyal

Chè Nouyòkè:

Mwen gen anpil rekonesans anvè pwofesè ak manm estaf nou yo k ap travay di chak jou pou sèvi elèv ki gen andikap nou yo. Nan tout kominate lekòl nou yo, mwen wè anpil gwo travay k ap fèt; epi mwen wè nesesite pou fè bon jan amelyorasyon pou reyimajine edikasyon espesyal totalman. Nan estrikti nou gen kounye a, anpil fanmi ap konfwonte difikilte pou jwenn sèvis debaz oswa yo oblige al chèche yon lekòl ki pi bon pou ptit yo yon lòt kote. Byenke nou fè amelyorasyon nan edikasyon espesyal nan ane pase yo, nou bezwen fè plis bagay pou fanmi 200,000 elèv ki gen andikap nou yo.

Se poutèt sa, yè, mwen te kanpe bò kote fanmi, defansè, ak edikatè pou lanse yon pwosesis sansibilizasyon k ap ede pèfeksyone vizyon nou pou transfòme ak ranfòse konfyans nan pwogram nou genyen pou elèv ki gen andikap nou yo—[epi pou kreye yon sistèm lekòl leta ki vrèman anbrase tout moun.](#)

Nan mitan vizyon sa a, gen twa gwo amelyorasyon ki pral asire tout elèv nou yo ki gen andikap jwenn aksè nan pwogram, sipò ak sèvis yo bezwen pou yo pwogrese:

### Agrandi pwogram k ap byen mache

Nou ap agrandi kat nan pwogram nou yo ki fè siksè pou elèv ki gen Pwogram Edikasyon Endividylèl (IEP—plan espesifik pou chak elèv ki gen yon andikap) nan kominate atravè vil la.

- Pwogram Nest ak Horizon ASD (Autism Spectrum Disorder) nou yo travay pou ranfòse konpetans akademik ak sosyal elèv ki gen otis nou yo. Ane sa a nou ajoute 15 nouvo pwogram, pou yon total pwogram 49 ASD Horizon ak 69 ASD atravè vil la.
- Pwogram Pilòt SEED (Eksplorasyon Sans, Edikasyon, ak Dekouvèt) nou an ap sèvi elèv ki montre bezwen sansoryèl entansif ki ka afekte konpòtman akademik, aprantisaj sosyo-emosyonèl, ak konpòtman yo. Nou pral agrandi SEED nan 70 lòt lokal anplis atravè vil la avan fen ane lekòl la epi nou pral travay pou ouvri ant youn ak kat lokal SEED nan chak distri.
- N ap agrandi pwogram Path la, k ap sèvi elèv ki gen gwo andikap emosyonèl, nan sèt salklas nan sis lekòl avan fen ane a.

#### **Kreye Chemen Karyè pou Elèv ki gen IEP**

Pou pwemye fwa, elèv lekòl segondè ki gen yon IEP pral ka aplike pou patisipe nan yon estaj peye lè samdi nan domèn sèvis ki ede avèk bezwen espesyal yo. Estaj la pral otorize yo eksplorare karyè nan terapi fizik, terapi okipasyon, ak terapi pwononsyasyon-langaj. Sa a pral yon eksperyans ki gen anpil valè pou elèv nou yo epi l ap kreye yon chemen pou karyè apre lekòl segondè.

#### **Bay fanmi kapasite pou yo vin patnè nan kreye yon pi bon sistèm edikasyon espesyal**

Reyimajine edikasyon espesyal nou an pa pral konplè san nouvo Komite Konsilitatif Edikasyon Espesyal nou fèk fòme a, ki pral gen ladan paran, lidè lokal, patnè nan inivèsite, defansè, elèv ak edikatè yo. Nou bay Konsèy Konsilitatif la kapasite pou ede idantifye eka vid nan ansèyman ak pwogramasyon epi fè gwo rekòmandasyon ki gen sans pou amelyore fason lekòl nou yo sèvi elèv ki gen andikap yo.

Mwen ap tann pou m travay ansanm avèk tout kominate nou an pou reyimajine edikasyon espesyal epi pou m ofri pwogram ak sèvis ki totalman pi bon ak pi briyan pou timoun ak fanmi nou yo.

Plane wo,  
David C. Banks  
Chanselye

Onore Jounen Entènasyonal Moun ki gen Andikap

3 desanm se Jounen Entènasyonal Nasyonzini pou Moun ki gen Andikap. "Obsève Jounen an vize pou ankouraje yon konpreyansyon sou pwoblèm andikap ak mobilize sipò pou diyite, dwa ak byennèt moun ki gen andikap," jan [sitwèb](#) Nasyonzini an fè konnen an.

N ap patisipe nan jounen rekonesans sa a, pandan n ap travay pou nou reyimajine ak amelyore anpil pwogram nou bay elèv ki gen andikap.

Seri video sa a mete aksan sou kèk nan fason n ap travay pou amelyore kalite edikasyon ak dimansyon opòtinite yo.

["A Day in the Life of a New York City Speech Pathologist"](#)

["New Lunch Program at Lillian Rashkis High School"](#)

["Work Programs at Lillian Rashkis High School"](#)

---

Si w pa vle resevwa mesaj imèl you PS+You yo ankò, tanpri [pa abone \(unsubscribe\)](#).